Ассаламу гIалайкум!

# АХИХЪАН

№ 14 (7858)
3 Апрель
Хамиз 2025 сон
sadovoduns@yandex.ru
Багьа эркенаб

Газета бахъизе байбихьана 1937 с. Унсоколо районалъул газета «САДОВОД»

Санazде рахинчIезул комиссиялда

## Лъималазул букIинесеб цIуниялъе

«Унсоколо район» МОялъул саназдe рахинчIел лъималазда гьоркьоб хIалтIи гьабиялъул комиссиялда гьал къоязда букIана иргадулаб данделъи. Гьеб нухда бачана КДН ва ЗПалъул пред. Ж. Шамсудиновас.

Комиссиялъул балагьиялде росун букIана Унсоколо районалъул ОМВДялъ рачIарал РФялъул КОАПалъул 5,35статьялъул I бутIаялъул лъабго административияб материал: Гьезда хурхун ВВСалъ хIукму гьабуна гIайибиязда штрафал лъезе ва лъазабун тезе. Данделъи букIине буго 2025 соналъул I0 апрелалда. ГьабсагIаталда унеб буго гьелде хIадурлъи.

Данделъиялда къабул гьаруна «Унсоколо район» МОялъулги ОМВДялъул цоцалъ рекъон саназдe рахинчIезулгун хIалтIи гьабиялъул комиссиялъул план. Гьенибго М. Сайпудиновас информация гьабула НВФялъул членазулгун, гьезул хъизаназулгун гьабулеб хIалтIул. Гьеoriginalenib хIисабалде росун букIана гьезда гьоркьор саназдe рахинчIел лъимал рук1инги.



Гьенибго комиссиялъул пред, Ж. Шамсудиновас доклад гьабуна хIалтIул ахIвал-хIалалги рагьун, бугеб хIалалда хурхун кьуна хIалтIи тIаде кколезе тIадкъаял.

## ТIоцересезул багъа-бачариялде-кIвар

27 марталда «Унсоколо район» МОялда букIана ТIоцересезул багъа-бачари лъималазулгун гIолилазул жамгIиябгун пачалихъияб организациялъул тIоцебесеб кварталалъул хIасилал данде роси. Данделъи рагьулаго районалъул бетIерасул зам. Ж. Шамсудиновас тIадчIей гьабуна Улкаялъул Президент В.В. Путиница кIудияб кIвар кьолеб бугин гьеб багъа-бачари гIолеб гIелалъул гIумроялъулъе лъугьинабиялъе,-абун. Гьенибго бицана хIалтIи хIасил кьоледухъ бачиналъул.

К1вар кьуна «Зарница 20» рагьулгун патриотикияб хIаялъул муниципалияб этап байбихьанин. Муниципалияб этапалда рукIине руго гIицIго хIаял. Гьелъул аслияl рахъазул бицана ТIоцересезул багъа-бачариялъул бакIалъулаб отделениялъул нухмалъулев М. ГIабдуразакъовас.

Лъай кьеялда-пайдаял цIилъаби

## Заманаялъул тIалабазде рачIинин



Гьал къоязда районалда лъай кьеялъул суалалда т1адчIей гьабураб данделъи тIобитIана. Аслияб къагIидаялъ гьеб нухда бачунеб букIана бет1ерасул замал Ж. Шамсудиновас ва М. ХIамзатовас. Лъай кьеялъул бугеб хIалалда хурхун данделъиялда гIахьаллъана гьеб отделалъул начальникасул зам. ГI. МухIамадгIалиев ва щибал лъай кьеязул бакIазул нухмалъулел.

ТIоцебесеб суал букIана лъай кьеялда хурхарал пачалихъиял проектазул, ай Госпабликазда хурхараб. Гьениб М. ХIамзатовас информация гьабуна лъай кьеялъул бакIазда хIинкъи гьечIолъи букIинабиялъул ва гьенир санагIалъиби чIезариялда хурхарал. Гьениб тIад чIун бихьизабуна педагогазулги эбел-инсулги цоцаде сеталдасан бухьен букIине кколин, лъай кьей лъикIлъизе ккани,- абун.

Данделъиялъул гIахьалчагIаз баркала загьир гьабуна бухьеналъул хIалтIи бачунев Х.ХIайбулаевасе гьеб ишалда хурхун гьабулеб хIалтIухъ, школазул сайтал лъикI хIалтIизариялъул мурадалда. Гьединго суал борхун букIана Пушкинил картаялда хурхун. ГIахьалчагIаз тIад чIей гьабуна гьеб карта цIалдохъабазда гьоркьоб гIатIидго хIалтIизабизе кколин. Гьенирго цIалдохъаби ахIана гIемер музеязде щвезе, тарихиял бакIазде сапарал гьаризе, тIадеги лъай кьей камиллъизабизе гьеб иш тIаде кколел тIамизе. Гьеб бихьизабиялъул киназго рахъги ккуна.

Аппараталъул данделъи

## Жигараб гIолохъанлъи гьабизе



Гьал къоязда районалъул администрациялда муниципалитеталъул бетIер ГI. НурмухIамадовасул нухмалъиялда гьоркь тIобитIана иргадулаб аппараталъул данделъи. Байбихьудаго ГI. НурмухIамадовас тIадчIей гьабуна щивав администрациялъул ва цогидалги организациязул хIалтIухъабаз тIуразарулел ишазул хайир боголъи ва щвалде щвей букIинабизе ккеялда, щивас тIадал ишал камилго тIуразариялъ хIалтIул рахъи ва пайда боголъи борхизе бугин бихьизабуна.

Хадуб бицана районалда БергьенлъиялъуI къо кIодо гьабиялъул, тIадчIей гьабуна культураябгун информациялъул хIалтIуе гьарулел тадбиразда.

Данделъиялда кIвар буссинабуна кIудияб Бергьенлъиялъ 80 сон тIубаялъул юбилеялде гьабулеб хIалтIуде, гьединго гIагарал къоязда гьабизе кколеб субботникалда. Гьединго бицана росдал магIишаталъул хIалтIи бачине кколеб куцалъул. Пайдаяб гара-чIвари кканa хъвай-хъвагIай гьабичIого хIалтIулел туристазул объектазда хурхунги. ГьалбадериÑ нильер ракьалда къварилъи-захIмалъи ккунгутIиялъулги бицана гьениб. Данделъи унаго бетIер гIенеккана гьоркьор лъурал суалазда хурхун иш тIаде кколез гьарулел хIисабкьеязухъ.

Гьенибго ГI. НурмухIадовас баркала загьир гьабуна комплексниияб хIинкъи гьечIолъи букIинабиялъе паспортал кьеялъе кумек гьабурав РДялъул БетIерасул кумекчи С. Сайпулаевасе, жамгIиял хIаракатчагIаз батIи-батIиял программабазда гIахьаллъун, кьурал лъикIал хIасилазухъ иш кодохъ босаразеги. Гьес киналго данделъиялда гIахьаллъарал ахIана цодахъаб командаялъулаб хIалтIулъ жигараб гIахьаллъи гьабизе.

КIудияб Бергьенлъи-80 Сон

# Вагъана Рейхстагалда байрахъ чIвазегIан

**Араб гIасруялъул къоабилел саназда цо газеталда бахъун букIана нилъер республикаялдаса цо-цо гьунар бугел гIолохъабазе Москвалда, Ленинградалда ва цогидалги чIахIиял шагьаразда тIадегIанал цIалул идарабазде лъугьине рес кьун бугилан. Гьедин цIализе унезул сияхIалда букIана Ломоносовасул цIаралда бугеб Москвалъул (МГУ) сах гьариялъулаб факультеталдалъайги махщелги босизе документал ритIарав ГьаракIуни росулъа СагIаду НурмухIамадовасул цIарги.**

ВатIанияб рагъ ккелалдего лъугIизабуна СагIадуца гьеб тIадегIанаб цIалул идара. Рагъул соназдайин абуни гьев хIалтIана фронталда рагъулав тохтурлъун.

I945 соналъул I4 январалда бахъараб «МагIарул большевик» газеталда кьун буго «Нилъер тохтурзаби-рагъда» абураб «М.А» (МухIамаев Асадулагь ватила абун гьоркь хъвараб макъала).

Нилъер ракьцоясул бахIарчиял ишалги рагъулал гьунаралги мухIканго рихьизарураб гьеб макъалалда тохтурасул цIар СагIаду абун кьун бугелъул гьединго толеб буго.

«ВатIаналъе рухI кьолев, лъукъарал рагъухъаби хвалдаса рорчIизаризе гIоло жиндирго жан кьезеги нахъе къачIого кьеркьолев вуго рагъулав доктор СагIаду НурмухIамаевги. Жиндирго гIелмияб лъаялдалъун ва махщалилал квераздалъун СагIадулаца хвалдаса рорчIизаруна чанго нусго рагъухъаби.ВатIаналъул рагъ байбихьиралдаса нахъего фронталда вугев СагIадуца гIахьаллъи гьабуна чанго кьварарал рагъазда-Украина цIуниялъе ва эркен гьабиялъе гIоло, Крым эркен гьабиялъе гIоло гьарурал ва чанго цогидалги рагъазда. Жиндирго Сивашалъулаб БагIараб байрахъалъулаб дивизиялда гьоркьов вукIун щвараб ТIадегIанав БетIерав командующиясул баркалаялъе мустахIикълъи гуребги, чанго нухалда СагIадуца росана командованиялъул хасал баркалабиги. СагIаду вукIана «БагIараб ЦIва» орденалъ ва «Кавказ цIуниялъул» медалалъ жиндир керен гвангъарав рагъулав врач-майор».

Гьеб макъалаялъул авторас гьениб кьун буго СагIадуца жиндирго гьалмагъзабазухъе битIун бачIараб цо кагъатги. Гьадин хъвалеб буго гьелда, рагъул ахIвал-хIал бичIчIизабулаго пасихIаб къагIидаялъ лъугьа бахъиназул суратги бахъун:

«Гьаваялда тIад тирун аэропланаз цIад гIадин ралел бомбаби, рикIкIадасан речIчIулел гIарадабазул гулби кьвагьун, сверухълъи букIуна бухьун,гьобогьун балеб, гIундул рукIана гIинкълъизарулел. ЧIван, лъукъун гIодор кколел гьалмагъзабазул къадар тIадеялда тIаде цIикIкIунеб букIана. Гьединаб хIалалда гьоркьоб, чадиралда жанив вукIун гьабизе кколеб букIана захIматаб операция. Лъукъарав рагъухъан кIотинавизе ккана, гьесул бох къотIизе кколеб букIана. Гьеб операциялда тIад хIалтIулаго, тушманасул аэропланазги жидер бугеб гуч буссинабуна нижер чадир бугеб гьеб бакIалде. ГьебсагIаталда бомбаялъул кесек щун, чIван рехана нижеде гIагарлъухъ вукIарав цо лъикIав командир. Ниж жанир ругеб чадиралъул бащалъи ана гIарададул гулица тIезабун босун. АскIов вукIарав гьалмагъ-доктор Карзакович гIинкълъана, цо сестра чIвана, дирго гьалмагълъи-рагъухъаби диде ах1долел рукIана, хехлъи гьабун нахъе кIанцIе-ян, Нахъе кIанцIизе рес букIинчIо. ВатIаналъе гIоло би тIурав, жиндир чорхол бищун кIудияб лагаялдаса-бохалдаса ватIалъарав рагъухъанасул рух1 букIана дир гIедерлъиялда, дир кверазул хехлъиялда бан: операция букIана битIун бакьулъе щун. Дица гьеб операция тIубазабуна, рагъухъан чIаго хутIана ва нахъа дие киназго баркала кьуна.

БахIарчияб шагьар-Севастополь эркен гьабулезда гьоркьор нижги рукIана. Шагьаралде тIаде ралагьарал мугIрузда тIогьиб чадирги чIван, лъукъарал рагъухъабазе чанго операцияби гьаруна. Нижеда аскIоб букIараб докторзабазул чадиралда жаниб гIарададул гулла кьвагьун, гьенир рукIарал гIадамазе зарал ккана. ГIарадабазул гулбузул, аэропланаз рехулел бомбабазул гьаракь гьоркьоса къотIулеб букIинчIо, ай цо минуталъги нижеца нижерго хIалтIи чIезе течIо. Чанго рагъухъаби-докторзабаз жидерго би кьунги хвалдаса хвасар гьаруна. Мисалалъе, рехсезин дирго ккараб: А. Пасечников ва И.И. Волошин абулев кIиго рагъухъан рукIана кIудиял ругънал щун лъукъун. Гьезул чорхолъа чвахун букIана гIемераб би. Цоги чиясул би чорхолъе биччачIони, гIемер кватIичIого хвезехъин рукIана гьел, дица кьуна дирго чорхол би. Дица гьел хвасар гьаруна хвалдаса. Тушбабазул кьвагьдеялъухъ, хIинкъи-кварилъиялъухъ



гIин тIамичIого,лъукъарал рагъухъабазе нижеца докторлъиялъулаб кумекги щвезабичIого толаро. Гьале нижер бугеб, ниж жиндалъун чIухIулеб рагъулаб гIумру.

**Киналго гьалмагъзабазде салам. Нужер СагIаду.»**

Улкаялъул бищунго къадруяб,тIадегIанаб идаралда тохтурасул махщел щварав СагIадуе лъикIаб хIалбихьи щун букIана КIудияб ВатIанияб рагъул гьугьай бахъиналде. I933 соналъул июналда гIолохъанав хирург витIана рикIкIадаб ЛъаратIа районалде. КIиго соналъ районалъулаб больницаялъул ва амбулаториялъул заведующийлъун хIалтIана. Рагъда цересел соназда хIалтIана Буйнакск шагьаралъул №2 больницаялъул хирурглъун ва судалъулгун медициналъул экспертлъун.

Рагъул ТIоцересел къоялдаго гIагараб ВатIан гIалхулал фашистаздаса цIунизе рахъарал азар-азар дагъистаниязда гьоркьов вукIана ГьаракIуниса СагIаду НурмухIамаевги. Гьесул захIматалъулаб книжкаялда хъван буго I94I соналъул 23 июналда гьев Буйнакск шагьаралъул рагъулаб комиссариаталъ БагIараб Армиялъул кьеразулъе витIанилан. ТIоцеве хIалтIана Югалъулаб Фронталъул 56 абилеб армиялъул № 3429 госпиталалъул хирургиялъулаб отделениялъул начальниклъун. Медициналъул хъулухъалъул капитан С. НурмухIамаев тIамун вукIана взводалъул командирлъун. Вагъана Закавказьялъул, 4 абилеб Украиналъулаб ва цогидалги фронтазда. Медицинаялъулаб взводалъул командирлъун вугеб заманалда нилъер ракьцояс рагъда бихьизабураб бахIарчилъиялъул бищун буго 6-абилеб Сивашалъулабгун артиллериялъулаб дивизиялда гьоркьобе унеб медицинаялъулгун санитарияб ротаялъул командирас кьураб характеристикаялда.

Бицунеб буго гьев «БагIараб ЦIва» орденалъе мустахIикълъиялъулги, Крымалда, Белоруссиялда, Польшаялда, хасго Висла гIорул кваранаб рагIаллъуда ккарал рагъазулъ лъукъарал-нилъер бахIарчияб армиялъул солдатазул ва офицерзабазул гIумру хвасар гьабиялъе гIоло цIикIкIараб хIаракатчилъи бихьизабунин гьалмагъ НурмухIамаевас. Къасиги къадги хIухьбахъичIого, кьижичIого хIалтIанин гьев лъукъаразе операция гьарулеб рокъоса къватIиве вахъинчIого. 65-абилеб армиялъул командованиялъ I945 соналъул 9 январалда кьураб буюрахъалда рекъон мустахIикълъана «БагIараб ЦIва» орденалъе.

Характеристикаялда рехсарал рагъазулъ жиндир инсуца бихьизабураб бахIарчилъиялъе нугIлъи гьабулел цогидал шапакъатазул удостоверенияб цIунун руго СагIадул яс ПатIиматихъ. Гьезда гьоркьор руго «Украина эркен гьабиялъе гIоло» каранда балеб гIаламат, «Варшава эркен гьабиялъе гIоло» медаль ва КIудияб Бергьенлъи босаралдаса хадур кьурал юбилеялъулал медалал. ПатIиматица рихьизаруна ТIадегIанав БетIерав командующий, Совет Союзалъул маршал И.В. Сталинил Баркалаялъул кагъталги. Рагъулаб частиялъул (авлахъалъулаб почта № 37607) командир Леонавас бачIараб кагътида хъван буго Одер гIурул бакътIерхьун рахъалъул рагIаллъиялда букIараб немцазул щулалъи тIезабиялъе ва Штеттин шагьарги, гьелда аскIор БакътIерхьун Поменриялда ругел цогидал шагьаралги кверде росиялъе гIоло рукIарал рагъазулъ гьабураб гьунаралъе гIоло гьалмагъ Сталиница дуе баркала лъазабун бугилан.

Рагъул гъугъади къотIаралдаса 36 сон ун хадуб, I98I соналъул апрелалда гьесухъе битIун бачIана 56 абилеб армиялъул ветеранасул цIар кьеялъул гIаламат-ян бицана ПатIимат СагIадуевналъ. Гьеб букIана инсуе «БагIараб ЦIва» орденалдасаги къиматаб сайгъатлъун.

I946 соналъул 20 марталда медицинаялъул хъулухъалъул майорасул чинги кьун, СагIаду НурмухIамаев БагIараб армиялдаса нахъе виччана.

Багьадураб букIана рагъулав ветеранасул ракълилаб хIаракатчилъиги. ХIалтIана Буйнакск шагьаралда батIи-батIиял медицинаялъул идарабазда. 74 соналъул гIумроялде вахинегIан 46 соналъ мутIигIав вукIана ГьаракIуниса тохтир Гиппократил гьаялъе, ракълилал соназдаги хвасар гьаруна гьес нус-нус чиясул гIумру. ГIумруялъул ахиралде щвезегIан цIунана гIаданлъи, яхI-намус, рекIел бацIалъи. СагIадул хIакъалъулъ абулаан цо кинав вугониги къваригIел тIубайилан чи жиндихъе витIейилан ракI-ракIалъго Аллагьасде гьардолев, тамашаяв инсан вугин ГьаракIуниса СагIадуйилан.

ЛъикIал гIадамазул гIумроялъулъ къисматалъ цоцоргIаги кьор гьечIого хутIуларин абула. Гьелдаса хвасарлъичIо СагIаду НурмухIамаевги. Немцазул фашистаз нилъер улкаялде гьужум гьабун хадуб кIиябилеб къоялдасаго байбихьун, Берлиналъул Рейхстагалда Бергьенлъиялъул байрахъ чIвазегIан гIагараб ВатIаналъул эркенлъиялъе гIоло вагъарав ветеран партиялдаса рехана. Гьелъие гIиллалъун рикIкIана СагIадул эмен НурмухIамад кулак гьавун вачун ун вукIин.

КIудияв инсул хадусеб къисматалъул хIакъалъулъ жидеда щибгIаги лъалеб букIинчIилан бицана СагIадул ПатIиматица. Амма жинда жакъаги цебе чIун бугин партиялдаса рехараб мехалда инсуда букIараб хIал. Ахирги ритIухълъи бергьана, партиялдаса рехизе гьабун букIараб хIукму мекъияблъун рикIкIана.

**«Х1акъикъат» газеталдаса босараб**

Ахихъан
Районалъул газета
№ 14 (7858)
Хамиз 3 Апрель
2025 г

3 гьумер

# Садовод

Страница в номере

## В Дагестане 169 тыс. школьников и студентов пользуются Пушкинской картой



Под руководством заместителя Председателя Правительства РД Муслима Телякавова в режиме ВКС прошло совещание по реализации Всероссийской социально-культурной программы «Пушкинская карта» в муниципальных образованиях.
Предваряя обсуждение, вице-премьер напомнил, что с 2021 года по инициативе главы государства Владимира Путина стартовала всероссийская программа социальной поддержки молодежи в возрасте от 14 до 22 лет «Пушкинская карта».
Эта программа социальной поддержки открыла новые привлекательные возможности для молодых людей, которые за счет государственных средств имеют равные возможности для посещения творческих мероприятий и других современных интересных проектов. Карта номиналом в 5 тыс. рублей сегодня обеспечивает посещение молодыми людьми театров, музеев, концертных площадок, кинотеатров, творческих образовательных организаций и других учреждений культуры, ставших участниками Программы.

«За годы реализации программы в стране отмечается повышение интереса молодежи к культурно-просветительским мероприятиям самого широкого спектра и это положительно отражается на общем уровне культуры молодого поколения.

Министерством культуры РД за эти годы проделана большая работа по подключению государственных, муниципальных, частных учреждений культуры. И уже на старте программы регион входил в число лидеров.

Об особой роли программы «Пушкинская карта» в воспитании подрастающего поколения в Дагестане говорил в своем Послании Народному Собранию РД Глава Дагестана Сергей Алимович Меликов, заседания по вопросам реализации программы проводил Председатель Правительства РД Абдулмуслим Мухудинович Абдулмуслимов, рабочие совещания проводились на всех уровнях власти, - отметил вице-премьер.

Подробнее с докладом по теме выступила министр культуры республики Зарема Бутаева.

В своем докладе, говоря о показателях реализации программы, министр обратила внимание участников совещания на количество присоединенных к программе организаций культуры региона и долю открытых карт по отношению к общему числу молодых людей адресной аудитории, проживающих в регионе.

Она сообщила, что на данный момент участниками программы является 71 организация культуры, из которых 24 – муниципальные учреждения. По результатам проведенной ведомством работы в феврале – марте текущего года 40 муниципальных учреждений находятся на стадии подключения, из них 27 получили ходатайство Минкультуры РД.

«Мы неоднократно обращали внимание на то, что активная работа муниципалитетов по реализации программы обеспечивает увеличение доходной части бюджета муниципального образования, улучшение материальной базы учреждений культуры. Благодаря участию в программе муниципальные учреждения культуры - дома культуры, музеи, школы искусств, библиотеки получают дополнительный доход, что позволяет им покрывать свои текущие потребности, приобретать необходимое оборудование», - сказала Бутаева.

По второму показателю, касающемуся охвата адресной категории участников Программы и доли открытых карт, руководитель Минкультуры республики доложила, что с момента старта программы с 2021 года пользователями в республике было открыто 169 тыс. карт .

«Следует отметить, что качественная реализация программы напрямую зависит от участия молодежи в культурных мероприятиях. Надо понимать, что зарегистрированные подростки автоматически получают на счет 5000 рублей ежегодно для посещения культурных мероприятий», - ознакомила с преимуществами программы глав муниципалитетов министр.

Продолжая свое выступление, Зарема Бутаева призвала руководителей органместного самоуправления на местах активизировать работу в этом направлении.

Выслушав министра, вице-премьер дал ряд поручений для повышения эффективности реализации проекта на территории региона.

Отдельно руководителям органов местного самоуправления зампред региона поручил активнее принять участие в программе, повысить доступность и охват молодого поколения для возможности посещения организаций культуры.

## Для увеличения доходов бюджета



27 марта 2025 г. под председательством Главы МО «Унцукульский район» Исы Нурмагомедова состоялось заседание межведомственной комиссии по увеличению доходной части бюджета и снижения нелегальной занятости. В заседании приняли участие Прокурор Унцукульского района Маликов Абдурагим, также представители УФНС по Республике Дагестан и ОМВД России по Унцукульскому району.

**В повестку дня были включены следующие вопросы:**

- Незаконное строительство коммерческих объектов: обсуждались случаи строительства объектов без оформления из начально разрешительной документации.
- Снос незаконно возведенных капитальных строений по решению суда:
- Снижение нелегальной занятости: обсуждались вопросы, связанные с занятием предпринимательской деятельностью без регистрации в налоговых органах, также выявления лиц, работающих без оформления трудовых договоров, и меры по легализации их деятельности.

Прокурор Маликов Абдурагим разъяснил дальнейшие действия со стороны администрации района для устранения выше перечисленных проблемных вопросов, с сроком исполнения до 1 апреля текущего года. Все ответственные лица должны включиться в решение поставленных задач.

Заседание межведомственной комиссии стало важным шагом в повышении правопорядка и легализации строительной деятельности, а также в обеспечении соблюдения трудового законодательства в районе.

## Правила противопожарного режима

Основные правила противопожарного режима включают следующие важные положения:

**1. Требования к месту разведения костра:**
- Зона очистки от сухой травы, веток и других горючих материалов вокруг костра должна быть не менее 2 метров
- Место для хранения дров и огнетушащих средств также должно располагаться в пределах этой зоны

**2. Ограничения по расстоянию:**
- Запрещено разводить костры за территорией частных домовладений ближе 50 метров от объектов защиты
- При усилении ветра необходимо немедленно потушить костер

**3. Способы тушения:**
- Костер или кострище нужно заливать водой
- Альтернативно можно засыпать песком или землей
- Тушение производится до полного прекращения тления углей

**4. Запреты на запуск пиротехнических изделий:**
- Запрещено запускать неуправляемые изделия из горючих материалов
- Ограничение действует на территории поселений и городских округов
- Запрет распространяется на зону в радиусе 1000 метров от лесов
- К запрещенным изделиям относятся предметы, поднимающиеся на высоту с помощью нагрева воздуха от открытого огня

Соблюдение этих правил помогает предотвратить пожары и обеспечить безопасность населения.

Призыв

# Жигараб хIалтIи гьабизе ккола



**Араб анкьалда районалъул бетIерасул кабинеталъуб букIана жамгIияб хIинкъи гьечIолъи букIинабиялъул рахъалъ бетIерасул зам. М. ХIамзатов, районалъул рагъулав комиссар М. Гъапуров, ВУСалъул хIалтIухъаби ва росабазул бутIрул гIахьаллъараб данделъи.**

Аслияб къагIидаялъ данделъиялда кIвар буссинабуна гьадинал суалазде:

Гьениб М.Гъапуровас тIадчIей гьабуна призывалде ахIулезда гьоркьоб хIалтIи гьабиялде, гьелъул комиссиязул данделъаби ах1иялде, призывалда хурхарал суалал гьоркьор лъеялде. Гьенибго хIисабалде босана призывалъулазул документазул хал гьаби, кинаб букIаниги квал- квал кколаредухъ хIалтIи камиллъизаби.

Гьоркьоб лъураб суалалда хурхун ГI. НурмухIамадовас бихьизабуна ВатIан цIуни бихьинчиясул налъи кколин, призывалъул хIалтIуда ругез жеги жигараб хIалтIи гьабизе кколин гьеб рахъалъ,-абун.

Дагъабго гьими

## *Судалъул залалдасан-махсараби*

-Судалде ккарав, дур лъадуца бихьизабулеб буго дуца кидаго гьей хIинкъиялъукь чIезаюн йикIанилан.

-Амма, дур ТIадегIанлъи…ян байбихьулеб букIана судалде ккарас.

Судьяс гьевги гьоркьов къотIизавун шурун абула:

- Бихьинчияс бихьинчиясда гIадин бице, кин духъа гьеб бажарулеб?

* * *

Якьад чIварав туснахъасул адвокат вачIуна судьясухъе ва гьарула туснахъалде ккарасда тIад гIайиб гьечIого букIиналъе квербакъи гьабе,-ян.

-Кинго гьабиларо,-ян абула судьяс.

Нахъеги гьесда гIайиб гьечIолъиялъул мисалал рачине лъугьуна адвокат.

- КигIан гьесда гIайиб батичIониги щиб, дир якьад жеги чIаго йигелъул,-ян гьимула судья

Объявление

# Внимание мошеники!

**ОМВД по Унцукульскому району предупреждает:**
**Дорогие жители Унцукульского района!**

В последнее время участились случаи мошенничества. ОМВД напоминает вам о необходимости быть бдительными и осторожными. Мошенники используют различные уловки, чтобы завладеть вашими средствами.



**Не дайте им шанса!**

**Вот несколько советов, как не стать жертвой мошенников:**

**- Не передавайте личные данные незнакомцам.**

**- Будьте осторожны с сообщениями и телефонными звонками, в которых вас просят перейти по ссылке или сообщить данные вашей банковской карты.**

**- Если вам предлагают слишком выгодные условия, подумайте дважды — это может быть ловушка.**

**- При возникновении сомнений всегда обращайтесь в полицию для проверки информации.Берегите себя и своих близких! Будьте бдительны и не доверяйте незнакомцам!**

# Желающим поступить на службу

**Уважаемые жители Унцукульского района!**

Отдел Министерства внутренних дел России по Унцукульскому району приглашает Вас на службу в органы внутренних дел Российской Федерации.



Ставим Вас в известность, что в связи с имеющимися вакансиями должностей младшего начальствующего состава, идет подбор и прием кандидатов на службу в органы внутренних дел Унцукульского района, а также в целом по Министерству внутренних дел Республики Дагестан.

**Служба в полиции это:**

- достойная заработная плата;
- Ежегодный оплачиваемый отпуск (40 дней + дни на дорогу к месту проведения отпуска и обратно: увеличение отпуска в зависимости от выслуги лет);
- Возможность получения бесплатного высшего образования (в том числе второго в учебных заведениях МВД России);
- Оплачиваемый учебный отпуск;
- Льготные путевки в санатории МВД;
- Бесплатное медицинское обслуживание (в том числе членов семьи);
- Обязательное государственное страхование;
- Возможность карьерного роста;
- Выход на пенсию через 20 лет службы (в Северокавказском регионе существует льготное исчисление срока службы 1 год за 1,5 года) служба в ВС РФ входит в выслугу лет).

Желающие поступить на службу в органах внутренних дел, могут обратиться по номерам телефонов: **8988-265-87-07, 99-44-83, 99-40-08.**

**С уважением!**

**Руководство ОМВД России по Унцукульскому району**

**Газета основана 1937 г.**
**УЧРЕДИТЕЛЬ:**
**Администрация Унцукульского района**
**Главный редактор**
**КЕБЕДМАГОМЕДОВА САНИЯТ КЕБЕДМАГОМЕДОВНА**

**Газета зарегистрирована Управлением Федеральной службы по надзору и сфере связи, информационных технологий и массовых коммуникаций по РД Регистр. Пи № ТУ 05-00284 от 20 марта 2014 г.**
**Позиция редакции может не совпадать с точкой зрения авторов, которые несут ответственность за достоверность и объективность, представленных для публикации материалов. Рукописи не рецензируются и не возвращаются.**

**Адрес редакции:**
**51373 Унцукульский район п. Шамилькала ул. М. Дахадаева 3**
**Телефон редактора 89896522856**
**sadovoduns@yandex.ru**
**398940**

**Адрес издателя и типографии г. Махачкала «Дом печати» ул. Акушинского 21**
**Подписано в печать - 3. 04. 25 г. 16. 00**
**фактически -17. 40 мин.**
**………………………………**
**Газета выходит 52 раз в год на аварском и русском языках**
**Тираж - 1002 экз.**